# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–28 मार्च 2026 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु गौतम बुद्ध नगर जिला के जेवर में नोएडा अंतरराष्ट्रीय हवाई अड्डा के पहिला फेरा क उद्घाटन कइलें। उहां के चालीस एकड़ में फइलल रखरखाव, मरम्मत आ नवीनीकरण सुविधा केन्द्र क नेइयो धइलें। येह मौका पर श्री मोदी कहलें कि ई विकसित उत्तर प्रदेस, विकसित भारत अभियान क एगो नया अध्याय हवे।

**यहां से दुनिया के लिए विमान तो उड़ेंगे ही साथ ही एक विकसित उत्तर प्रदेश की उड़ान का भी प्रतीक बनेगा। मैं उत्तर प्रदेश को विशेष रूप से पश्चिम उत्तर प्रदेश की जनता को इस भव्य एयरपोर्ट के लिए बहुत–बहुत बधाई देता हूं।**

प्रधानमंत्री कहलें कि उत्तर प्रदेस अब भारत में सबसे बेसी अन्तर्राष्ट्रीय हवाई अड्डा वाला राज्यन में से एगो के रूप में उभरल हौ।

**नोएडा का यह एयरपोर्ट आगरा, मथुरा, अलीगढ़, गाजियाबाद इस पूरे क्षेत्र को बहुत बड़ा लाभ होने वाला है। ये एयरपोर्ट पश्चिमी उत्तर प्रदेश के किसानों, छोटे और लघु उद्योगों, यहां के नौजवानों के लिए अनेक नए अवसर लेकर आने वाला है।**

प्रधानमंत्री कहलें कि येह क्षेत्र में सम्पर्क क विस्तार के नाते पच्छिमी उत्तर प्रदेश के कृषि उत्पाद वैस्विक बजारि ले बढ़ियां तरीका से पहुंचि सकी।

नोएडा अंतरराष्ट्रीय हवाई अड्डा देस क सबसे बड़हन ग्रीनफील्ड हवाई अड्डा परियोजनन में से एगो हौ। एकरे पहिला फेरा के सार्वजनिक–निजी भागीदारी मॉडल के तहत करीब इग्यारह हजार दुइ सौ करोड़ रूपिया के निवेस से विकसित कइल गइल हौ। पहिला फेरा में एकर यात्री संचालन क्षमता हर सालि एक करोड़ बीस लाख यात्रियन क होई, आ पूरा विकास भइले पर एके हर सालि सात करोड़ यात्रियन ले बढ़ावल जा सकी। एकरे लोकार्पण मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि ई एयरपोर्ट उत्तर प्रदेस के उज्ज्वल भविस्य क लांच पैडो बनी।

**इसका रनवे उत्तर प्रदेश की अर्थव्यवस्था को नई ऊंचाई तक ले जाने का आधार बनेगा। जहां एयरपोर्ट उत्तर प्रदेश के उज्जवल भविष्य का लांच पैड भी बनेगा। जो उत्तर भारत के निवेश, व्यापार और औद्योगिक विकास को नई ऊंचाई तक पहुंचाते हुए व्यापक रोजगार का सृजन भी करेगा।**

नागर विमानन मंत्री के राममोहन नायडू कहलें कि एइजा उत्तर प्रदेस क सान आ पहिचान क अनुभवन मिली। येह मौका पर राज्यपाल आनंदीबेन पटेल, केन्द्रीय वित्त राज्यमंत्री पंकज चौधरी, दुन्नो उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्या, बृजेश कुमार पाठक के सथहीं कई गो जनप्रतिनिधि मौजूद रहलें।

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी बिहने दिन में इग्यारह बजे आकाशवाणी से मन की बात कार्यक्रम में आपन विचार साझा करिहें। ई येह मासिक रेडियो कार्यक्रम क एक सौ बत्तीसवां कड़ी होई। कार्यक्रम आकाशवाणी आ दूरदर्शन के सज्जो नेटवर्क, एआईआर न्यूज वेबसाइट आ न्यूज ऑन एआईआर मोबाइल ऐप पर प्रसारित होई। आकाशवाणी समाचार, दूरदर्शन समाचार, प्रधानमंत्री कार्यालय आ सूचना अउर प्रसारण मंत्रालय क यू–ट्यूब चैनलो पर एकर सोझै प्रसारण होई। आकाशवाणी से प्रसारण के जुरते बाद मन की बात कार्यक्रम क्षेत्रीय भासो में प्रसारित होई।

**********

नेपाल क पूर्व प्रधानमंत्री के. पी. शर्मा ओली के पछिला सालि भइल जेन–जी क बिरोध परदरसन पर भइल कार्रवाई के सिलसिला में गिरफ्तार कइ लिहल गइल। ई कार्रवाई बालेंद्र शाह क अगुआई वाला नया गठित सरकार की ओरि से पछिला सालि जेन–जी क बिरोध परदरसन पर जांचि आयोग क रिपोर्ट लागू कइले के एक दिन बाद भइल हौ।

**********

उत्तर प्रदेश शिक्षा सेवा चयन आयोग यूपीटीईटी–2026 बदे ऑनलाइन आवेदन प्रक्रिया काल्हि से सुरू कइ दिहलस। आयोग क उप सचिव के ओरि से जारी सूचना के मोताबिक आवेदन क आखिरी तारीख छब्बीस अपरैल तय कइल गइल बा। आवेदन में कउनों तरह क त्रुटि में सुधारि खातिर एक मई ले क समय दीहल गइल बा।

**********

आईपीएल क्रिकेट क ओन्नइसवां संस्करण आजु संझा बेंगलुरु में सुरू होई। उद्घान मैच में मौजूदा चैंपियन रॉयल चैलेंजर्स बेंगलुरु क सामना सनराइजर्स हैदराबाद से एम. चिन्नास्वामी स्टेडियम में होई। मैच भारतीय समय के हिसाबि से संझा साढे सात बजे से सुरू होई। दुइ महिन्ना ले चले वाला ई मैच एकतीस मई ले चली। चेन्नई सुपर किंग्स क दिग्गज खेलाड़ी एमएस धोनी पैर में घाव के नाते लीग क पहिला दो हप्ता क मैचन में नाहीं खेलि पइहें।

**********

पछिला दुइ दिन में प्रदेस के कुछु जिलन में तेज बेयारि के बिच्चे बेमौसम बरखा भइल हौ। काल्हि देर राति सुल्तानपुर, रायबरेली आ अमेठी में बरखा के बिच्चे ओला गिरल त ओहीं प्रयागराज आ वाराणसी में बरखो भइल। आजु भिन्नहीं गोरखपुर के सथहीं पूरबी इलाका के कुछु जिलन में गरज–चमकि के साथे हल्लुकाहे बौछार परल। मौसम विभाग के मोताबिक राज्य क पूरबी आ पच्छिमी इलाकन के कई जिलन में अगिला दुइ दिन ले तेज बेयारि चलले आ गरज–चमकि के साथे हल्लुकाहे बरखा हो सके ला। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेस में भइल बेमौसम बरखा से भइल फसलिनि के नोकसान क जनकारी देत अधिकारियन के अलर्ट मोड में रहले क निरदेस दिहले हवें।

**********